

# **Gwo Echanj**

# **Bondye a**

Yon kou w'ap kapab etidye pou kont  
ou sou mesaj prensipal nan Bib la

## **Prezante**

- leson debaz bon nouvèl lalwa
- ki baze sou yon evanjelizasyon popilè  
presantation ekri pa David Valleskey
- pwòp tèt ou etid fòma
- lang senplifye
- endike aklè objektif yo e pou revize  
kesyon yo



**Multi-Language Publications**  
Bringing the Word to the World

Orijinal tèks la te pwodwi pa komite Ministè Enstitisyonèl Komisyon an sou Ministè Espesyal nan Synod nan Wiskonsin Literyen Evanjelik.

Dwa kopi © 1993

Tèks adapte pa Milti-Lang Piblikasyon nan Synod nan Wiskonsin Literyen Evanjelik.

Enprime an 2011

Tout kouvèti ak ilistrasyon nwa ak blan yo se travay Glenn Myers. Glenn Myers rezève Dwa illustrasyon pou Pibliye pa kay Nòdwès.

Ekriti yo pran nan Bib la, nan Nouvo ak ansyen Testaman. Dwa kopi © 1996, 1998 pa Sosyete Entènasyonal Bib itilize pa pèmisyon Sosyete Entènasyonal Bib la.



# **Men plan liv la**

Entwodiksyon .....	1
Chapit 1: Kisa Bondye mande .....	3
Chapit 2: Kisa Bondye wè .....	17
Chapit 3: Moun te fè remèd .....	33
Chapit 4: Remèd Bondye a .....	43
Chapit 5: Kado Bondye te pwomèt la .....	59
Chapit 6: Bondye beni moun ki gen lafwa Nan Jezi .....	73
Vokabilè .....	87
Repons tès ki nan chapit yo .....	91
Tès final .....	93






## Entwodiksyon

Liv sa a pral edew aprann anpil bél bagay sou relasyon ou menm avèk Bondye. Chak chapit kòmanse avèk yon lis rezon ki gen yon ti etwal bò kote yo. Rezon sa yo di nou kisa nou pral aprann nan chapit la. Apre w'ap genyen pou ou li kèk liy ak reponn kèk kesyon. Nan finisman chapit la genyen yon tès. Kesyon nan tès yo kouvri sèlman sa w li nan chapit yo ak kesyon ou te fè yo.

Lè ou fin reponn yon gwoup kesyon, yo pral ba w nimewo yon paj. Si ou ale nan paj sa, w ap jwenn repons yo nan pati anba a. Tcheke repons ou yo avèk anpil prekosyon epi korije tout fot ou te fè. Asire ou konprann tout repons anvan ou li pi plis.

Nan finisman liv la gen yon tès final. Anvan ou fè tès sa, fè yon retounen gade tès ki nan chapit yo. Lè ou fini ak tès final la, ou kapab tounen liv sa bay moun ki te ba ou li a, oubyen voye li pa lapòs nan adrès ki nan do liv sa.

Ke Bondye ede ou aprann plis sou Gwo Echanj li te fè pou tout pechè yo.



*Jezi separe moun ki kwè yo ak moun ki pa kwè yo.*



## *Chapit en*

# **Kisa Bondye mande**

Pandan lavi ou, ou te reponn anpil kesyon ki enpòtan. Nan liv sa a n ap diskite kesyon ki pi enpòtan yo nan tout. Ou pral aprann repons Bondye ak kesyon sa yo. Kesyon yo fè fas ak lavi nan mond k'ap vini an.

Etid nou an pral chita sou twa kesyon enpòtan:

Kesyon 1:

Si ou te mouri aswè a, ou ta prale nan syèl la oswa lanfè a?

Kesyon 2:

Eske ou asire w ki kote w prale lè ou mouri?

Kesyon 3:

An nou di ke ou te mouri, epi ou te jwenn ou devan pòt yo nan syèl la. Bondye kanpe la, epi mande w,  
« Poukisa pou mwen kite ou antre nan syèl mwen an? » Kisa ou t'ap reponn li?

Nan seksyon sa a nou pral wè ki sa Bondye di sou lavi ak lanmò. Nan finisman chapit sa w'ap kapab:

\* konnen repons anpil moun bay sou twa kesyon enpòtan sa yo; ak

\* di kisa lwa Bondye a mande nou.

An nou fè yon ti gade twa kesyon yo ankò. Tan sa a ekri nan repons ou yo.

Kesyon 1:

Si ou te mouri aswè a, ou ta prale nan syèl la oswa lanfè a? Ekri repons ou anba a.

---

Kesyon 2:

Eske ou asire w ki kote w prale lè ou mouri?

---

Kesyon 3:

An nou di ke ou te mouri, epi ou te jwenn ou devan pòt yo nan syèl la. Bondye kanpe la, epi mande w, « Poukisa pou mwen kite ou antre nan syèl mwen an? » Kisa ou t'ap reponn li?

---

---

---

Kounye a an nou gade pi pre nan twa kesyon yo.

Kesyon 1: Si ou te mouri aswè a, ou ta prale nan syèl la oswa lanfè a?

Anpil moun pa vrèman asire de kote yo prale, plis ladan yo espere yo pral nan syèl. Prèske tout moun espere ke yo pa pwale nan lanfè. Lòt yo panse pap gen anyen apre lanmò.

1. Anpil moun espere yo prale nan

---

An nou gade li yon lòt fason. Sonje kesyon 2:  
Eske ou asire w ki kote w prale lè ou mouri?  
Tankou nou te di li, plis moun pa asire. Yo espere yo prale nan syèl, oswa yo panse yo pral nan lanfè. Anpil moun di, « Pèsòn pa kapab asire. »

2. Prèske chak moun dakò ke yon moun pa kapab  

---

kote li prale lè li mouri.

(Tcheke repons ou yo anba paj 8 an)

Kòman sa ye pou kesyon 3 a: An nou di ke ou te mouri, epi ou te jwenn ou devan pòt yo nan syèl la. Bondye kanpe la, epi mande w, « Poukisa pou mwen kite ou antre nan syèl mwen an? » Kisa ou t'ap reponn li?

Plis moun bay yon repons ak kesyon sa yo:

- \* « Mwen konnen mwen pa pafè, men mwen pa twò move. »
- \* « Mwen pa yon Adòlf Itlè. »
- \* « Mwen sèten ke mwen pi bon pase Joe ki rete pi ba lari a. »

Anpe moun ta ka di:

- \* « Sispann jwe! Pa gen ankenn wout w'ap kite mwen antre! »
- \* « Mwen te gen chans epi mwen pèdi chans mwen pou m'ale nan syèl. »

Si ou panse ou gentan pèdi chans ou pou ou rantré nan syèl, etid Biblik sa gen kèk bòn nouvèl pou ou. Tankou ou pral etidye nan chapit aprè yo w'ap wè gen espwa ankò.

Nou vle anvan tout bagay gade lòt repons yo, repons moun ki panse yo pwal nan syèl bay. Moun ki bay repons tankou sa ki tout bon vre di ke Jezi dwe kite yo antre nan syèl poutèt sa yo fè oubyen pa fè. Kèk moun vle al nan syèl pou sa yo fè. « Mwen te aji byen anpil fwa. » « Lòt vle al nan syèl pou sa yo pa fè. » « Mwen pat move moun tout bon vre ». Si nou vle al nan syèl pou sa nou fè ou pa fè, pou tèt sa nou dwe chache konnen kisa Bondye di pou nou fè oubyen pa fè.

Youn nan prensipal mesaj Bib la se prensip Bondye. Nan mesaj sou Iwa Bondye, Bondye mande nou kèk bagay. Lwa a di nou kisa nou dwe fè ak kisa nou pa dwe fè pou nou ka al nan syèl. Lwa Bondye di nou tou kisa nou merite si nou pa fè egzakteman sa Bondye mande.



Repons paj 6: 1. syèl; 2. asire.

3. Plis moun espere yo kapab ale nan syèl pou sa yo \_\_\_\_\_ oubyen pa \_\_\_\_\_.
4. Mesaj \_\_\_\_\_ Bondye a di nou kisa Bondye mande nou.
5. Mesaj Iwa Bondye a di nou kisa nou merite si nou pa fè egzakteman sa Bondye \_\_\_\_\_.  
(Tcheke repons ou yo anba paj 10 an)

Lwa yo toujou mande nou kichòy. Yon Iwa mande nou pa dwe kondwi twò vit. Yon lòt mande nou pa dwe pran sa ki pa pou nou oubyen vòlè. Lòt Iwa mande nou pa dwe blese oubyen touye lòt moun. Men èske ou konnen kisa Iwa Bondye mande? Bib la di nou kisa Bondye mande, ak li di, « Se pou nou bon menm jan Papa nou ki nan syèl la bon ». (Matye 5:48).

Pou ou yon moun ki pafè, ou dwe viv san ou pa fè anyen ki mal. Sa vle di viv, pale, ak panse byen tout lè. Si ou te viv yon vi san ou pa janm fè anyen ki mal, ou pafè. Se sa Bondye Papa nou an mande. Sa se prensip. Moun dwe viv tout vi yo pafè san yo pa fè ankenn peche.

Nan Bib la Bondye di, « Se pou nou sen, paske mwen sen, mwen se seyè a Bondye nou an » (Levitik 19:2).

Pou nou sen vle di pafè nan je Bondye. Yon moun ki sen se yon moun ki pa janm fè anyen ki mal. Si w te janm fè anyen ki mal oswa nenpòt bagay Bondye pa ta vle nou fè, ou pa apa pou Bondye. Bondye rele sa nou fè ki mal la, peche. Lwa Bondye di nou pa dwe peche. Nou pral diskite plis sou peche nan chapit ki aprè a. Lwa Bondye di nou dwe sen. Li mande nou sentete.



Repons pou paj 9: 3. fè, fè; 4. lwa; 5. mande.

6. \_\_\_\_\_ Bondye mande nou kèk bagay.
7. Lwa Bondye di mwen dwe pafè ak  
\_\_\_\_\_.
8. Viv pafètman vle di viv san \_\_\_\_\_  
oubyen \_\_\_\_\_.
9. Viv pafètman vle di viv yon vi ki pafè nan je  
\_\_\_\_\_.
10. Lwa Bondye \_\_\_\_\_ ke nou dwe  
sen.

(Tcheke repons ou yo anba paj 13 an)

Wi, lwa Bondye mande yon vi ki sen ak pafè pou chak moun. Si ou te viv yon vi ki pafè ak sen, wap resevwa la vi ki pap janm fini an nan syèl.

Ou ta ka gade tou nan fason sa a, Bondye pa atann nou dwe yon ti jan bon. Bondye pa mande nou dwe bon jan nou kapab. Li pa di, « Eseye osi difisil ke ou kapab, » oswa « Fè pi bon ou kapab. » Bondye mande la pèfeksyon. Li mande sentete total. Li vle nou san peche.

Sa Bondye mande a kapab desine tankou yon pwoblèm matematik. Etidye li avèk swen.

$$\begin{aligned} & 100\% \text{ sentete} \\ & + 0\% \text{ peche} = \\ & 100\% \text{ vi ki pap janm fini an} \end{aligned}$$

Kidonk, si yon moun viv yon vi ki pafè ak ki pa gen peche, Bondye pwomèt nan lwa li a li ap bay moun sa vi ki pap janm fini an nan syèl.

11. Mete yon X sou liy ki devan deklarasyon ki di nou sa Bondye mande nou.

- a) \_\_\_\_\_ Bondye mande nou dwe trè bon.
- b) \_\_\_\_\_ Bondye mande nou fè pi bon nou kapab.
- c) \_\_\_\_\_ Bondye mande nou dwe sen ak pafè konplètman.

12. Ranpli nan espas vid yo pou montre Kisa Bondye mande nou ak rekonpans li te pwomèt nou.

$$\begin{aligned} 100\% & \underline{\hspace{2cm}} \\ + 0\% & \underline{\hspace{2cm}} = \\ 100\% & \underline{\hspace{2cm}} \underline{\hspace{2cm}} \end{aligned}$$

(Tcheke repons ou yo anba paj 14 an)



Repons pou paj 11: 6. lwa; 7. sen; 8. peche, mechanste;  
9. Bondye; 10. mande (oswa di).

## ***Revizyon nan chapit en***

Anpil moun pa konn kote yo prale aprè yo mouri. Nan Bib la Iwa Bondye di nou kisa Bondye mande nou. Li mande pou nou viv yon vi ki konplètman pafè ak yon vi ki sen, ki pa gen peche ditou. Ap eseye pou ou bon se pa bon ase. Sèlman si nou viv yon vi ki pafè, Bondye pwomèt l'ap ban nou vi ki pap janm fini an nan syèl la lè nou mouri.

**Nòt enpòtan:** Apre sa ou sot aprann la a ou ka deside pa ale nan chapit ki vin apre a. Ou ka panse, « Poukisa mwen ta dwe? Mwen konnen mwen pa pafè. » Men genyen kèk bòn nouvèl pi devan. Nouvèl sou kòman ou ka toujou al nan syèl. Kidonk pa dekoraje kounye a. Etidye liv la nèt.



Repons pou paj 12-13: 11. c merite X la; 12. 100% sentete, 0% peche, 100% vi ki pap janm fini an.

## **Tès sou chapit en**

1. Bondye mande yon lavi \_\_\_\_\_  
pou tout moun.
  
2. Mesaj \_\_\_\_\_ Bondye a mande nou  
sa.
  
3. Si yon moun te viv yon vi ki \_\_\_\_\_,  
moun sa kapab viv lavi ki pap janm fini an.
  
4. Fè sa ki mal fè Bondye fache anpil li rele li  
\_\_\_\_\_.
  
5. Ranpli kote ki vid yo, pou ou montre kisa  
Bondye mande nou ak rezulta li ap tann nan nou  
yo.

\_\_\_\_\_ % sentete  
 + \_\_\_\_\_ % peche =  
 \_\_\_\_\_ % \_\_\_\_\_

(Tcheke repons ou yo nan paj 91)